- корректирующий;
- дознание

Превентивное самоконтроль - предотвращает некоторые ошибки при выполнении задач. Суть его в следующем: физическая активность, выражение своего мнения, готовность к нему перед ответом на вопрос учителя (например, четкое понимание структуры и характера предстоящего жеста, понимание обсуждаемых явлений или фактов, правильность концепции образования и т. д.) ,

Корректирующее (самоконтроль) самоконтроль - происходит в ходе выполнения задания и используется для чтения, соревнования и многого другого. Используется для быстрого исправления движений самостоятельно. Самоконтроль и самооценка, а также стремление к самому себе влиятельных связей и творческое определение путей и средств корректировки своей силы. Однако некоторые из них требуют дополнений и исправлений, а некоторые, наоборот, отличаются по актуальности или практичности. Таким образом, способность учителя интегрировать данные самоконтроля с результатами самоконтроля студентов обеспечит значительное улучшение их готовности к практике на своей территории.

Определяющим фактором является то, что самоконтроль уникален тем, что он ограничен выявлением и оценкой только определенных источников информации, таких как учебная, спортивная и тренировочная деятельность, его состояние и методологическое развитие. Определение самоконтроля является типичным для тестов и последовательностей успеха (например, методика овладения техникой движения на отдельном уроке или в сети классов; степень развития скоростных качеств в течение определенного периода упражнений и т. д.).

Рассматриваемые типы самоконтроля должны осуществляться не только учителем, но и учителем. В последнем случае они имеют особое значение, поскольку от них зависит полнота выполняемых упражнений. Вот почему самоконтроль важен во время соревнований.

**Литература**


1. Сластенин В.Н. Психология и педагогика. - М .: Академия, 2001. – С. 478.
2. Жанабаев К.Т. Педагогические условия использования игр физического воспитания в детских домах. - Алматы: 2005.
3. Кенесбаев С.М. Педагогические основы подготовки будущих учителей к использованию новых информационных технологий в высшем педагогическом образовании. PED. PhD. Доктор технических наук. Дисс .... - Туркестан: 2006, -С. 312.
4. Оналбек Ж.К. Научно-педагогические основы подготовки будущих учителей к организации физкультурно-оздоровительной работы. Доктор педагогических наук Дисс. - Туркестан: 2007.
5. Ботагариев Т.А. Непрактичная подготовка по физическому воспитанию школьников Великобритании с предметом регионального образования. Диск ... дп: 15.01.01 - Алматы: 2001.



**РЕЗЮМЕ**

Мазкур мақолада ўқув машғулотлари давомида мураббийларнинг талабаларни назорат қилиш ва мониторинг юритиш методик тизими қараб чиқилган, шунингдек, педагогик кузатиш, дарсларнинг ютуқ ва камчиликлари қиёсий таҳлил этилган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассматриваются методическая система мониторинга и оценки учебного процесса тренеров, а также педагогические наблюдения, преимущества и недостатки урока сравнительного анализа.

**SUMMARY**

The article deals with the methodological system of monitoring and evaluating the teaching process of trainers, as well as pedagogical observations, advantages and disadvantages of the comparative analysis lesson.


## OQÍWSHÍLARDÍŃ ÓZBETINSHE KITAP OQÍW MÁDENIYATÍN QÁLIPLESTIRIW USÍLLARÍ


**A.K.Pazılov** - *pedagogika ilimleriniń kandidatı, docent*

**Z.U.Ilyasova** – *erkin izleniwshi*

*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*



**Tayanch so'zlar:** kitob o'qish madaniyati, mustaqil kitob o'qish, shakllantirish usullari, badiiy asarlar.

**Ключевые слова:** культура чтения, самостоятельное, чтение, методы формирования чтения, художественные произведения.

**Key words:** culture of reading books, independent reading, methods of reading, works of fiction.


Dúnyaǵa belgili rus xalıq jazıwshısı M.Gorkiydiń kitaptan kóp nárse alǵanlıǵı hámmemizge belgili. Ol kisi esiginde júrgenine qaramastan, xojeyninen jasırıp kitap oqıwǵa berilmegeninde ápiwayı orıs adamı bolıp qalar edi. Al, kitap bolsa onı pútkilley biylep alıp, onıń kózqarasın ózgertip jiberdi. Demek, «kitaptıń qúdireti mine usında» eken dep aytıwımız múmkin.

Biz bul maqalamızda baspasóz materiallarındaǵı kitaptıń paydası haqqındaǵı maqalalardan paydalanǵan halda «Kitaptıń-haqıyqıy bilim bulaǵı» ekenligine oqıwshılardıń isenimin hasıl qılıwdı óz aldımızǵa maqset etip qoydıq.

Oqıwshılardıń ruwxıy jaqtan tárbiyalanıwında da kitaptıń biybaha áhmiyetine, ásirese xalıq dástanları tiykarında oqıwshılardıń ruwxıylıǵın qáliplestiriw jolları haqqında ilimpaz D.Jumanazarova [2] óziniń «Xalq tálimi» jurnalında járiyalaǵan maqalasında toqtalıp ótedi. Al, K.Inoyatova bolsa [3] óz maqalasında bul iste shańaraqtıń róliniń kúshli ekenligin kórsete kelip, oqıwshılardı ruwxıy ádep-ikramlılıq jaqtan tárbiyalawda shańaraq hám kitapxanalardıń birge islesiw máselelerin hám onıń tiyimli jolların atap ótedi.

Kitaptı oqıy bilgen oqıwshı - ózinde jeke pikirdi payda etiw múmkinshiligine iye boladı. Pikirge iye boldı degen sóz - óz pikirin ilimiy jaqtan ulıwmalastıra bildi degendi ańlatadı. Izertlewshi M.Fayazova [6] óziniń ilimiy maqalasında kitap oqıw arqalı oqıwshılardıń oylaw xızmetin rawajlandırıwdıń tiykarǵı dereklerine toqtalıp ótedi. Al, M.Raximova [4] bolsa óz maqalasında kitaptıń oqıtıwshı, ustaz jumıslarında ayrıqsha xızmet atqaratuǵınlıǵın hár tárepleme dálillewge umtıladı.

Tariyxqa kóz jiberip qarasaq, jası úlken, orta buwın, oǵan teteles áwlad wákilleriniń sol dáwirdegi jazılǵan kitaplardan alǵan idealları bar edi. Máselen ótken ásirdiń 30-jıllarınıń kitapqumarları Chapaevqa, chelyuskinshilerge, staxanovshılarǵa, ferǵana kanalın qazıwshılarına eliklep jasadı. Al, 40-50-jıldıń kitapqumarları urıs qaharmanlarına uqsaǵısı kelip, erlik, qaharmanlıq islerdi izler edi. Onnan sońǵı jıllarda Úlken Amur magistralı, Charjaw – Qońırat, Qońırat – Nókis temir jolları, Taxiyatas GRESi qurılısshılarınıń mártligi tuwralı jazılǵan shıǵarmalar kitapqumarlardı keynine ertip alıp ketti.

Usı jerde «Kitaptı adam ne ushın oqıydı?» degen orınlı sorawda payda boladı. Meniń ózimniń jeke pikirim boyınsha adam kitaptı onnan ruwxıy lázzet alıw ushın oqısa kerek.

Kitap oqıw arqalı óziniń ómirge degen kózqarasın ózgertiwge erisken 2007-jılı Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti jurnalistika qánigeliginiń studenti bolǵan R.Arziev óziniń sol jılı 25-yanvarda «Qaraqalpaqstan jasları» gazetasında járiyalaǵan maqalasında: «Búgingi shıǵıp atırǵan kitaplarda oqıwshı ushın ideal qaharman joq» dep óziniń kúyinish sezimlerin bildiredi [1].

Degen menen, turmıstı túsiniw, ótmishtiń qáteliklerin dúzetiw, adamgershilik sıpatlardı qáliplestiriw, gózzallıqtı, jasaw zawqın seziniw, tuwılǵan jerge muhabbat sezimleri menen ózimizdi suwǵarıw ushın báribir biz kitap oqıymız, kitap arqalı ózimizdi tárbiyalay alatuǵınlıǵımızdı biykarlay almaymız.

Hár bir insanǵa ómir súriwi ushın hawa, suw qanday zárúrli bolsa, kitap ta sonday dárejede zárúrli. Sebebi, xalqımızdıń altın ǵáziynesi, ruwxıy azıǵı bolǵan jaqsı kitaplar bizlerdiń de, ulıwma bilim beretuǵın mekteplerdegi baslawısh klass oqıwshılarınıńda bilimlerin arttırıwda, sana-sezimlerin keńeytiwde, kórnekli miynet adamlarınıń is tájiriybelerin úyreniwinde bizge hár tárepleme járdem beredi. Sonıń ushın da kitapxanalardıń jumısların jaqsılaw, ondaǵı kitaplardıń qorın bayıtıp barıw oǵada úlken áhmiyetke iye is bolıp esaplanadı.

Biraq, bunıń menen is pitti dep esaplawǵa bolmaydı. Sebebi, usı kitaplardı oqıw ushın adamnıń ózinde inta, ıqlas, qızıǵıwshılıqtıń bolıwı da talap etiledi. Ózbekstan Jáhán tilleri universiteti xalıqaralıq jurnalistika fakultetinde 2007-jılı oqıǵan student E.Utepbergenovtıń 2007-jıl 15-martta «Qaraqalpaqstan jasları» gazetası arqalı járiyalaǵan maqalasında [5] kórsetiliwi boyınsha onıń Salawat ismli qaharmanı mektepti jaman bahalar menen pitkermegen. Biraq negedur, qızıǵıwshılıǵı bolmasa da ákesiniń sózin eki etkisi kelmey, alım bolıw niyeti menen onıń kitap tolı bólmesine kirip, uzaq waqıtlar dawamında kitaplardı aqtarıp otırıw menen shuǵıllanǵan. İqlassız, inta menen oqımastan, hesh nárseni uǵıp almastan qurı kitap aqtara bergenniń paydasız ekenligin Salawattıń ákesi túsinbegen. Sonlıqtan da, Salawat erteńine de, erteńniń arǵı kúni de, onnan keyingi waqıtları da kitapqa qurı qarap otıra beretuǵın bolǵan. Onıń túrinen túr, sıqılınan sıqıl qalmay, sarǵayıp, azıp, tozıp, shóptey bolıp qalǵan. Ishteyiniń mazası bolmay awqattıda ońlap jey almaǵan. Túni menen uyqlay almay, shorshıp shıǵa beretuǵın ádetti shıǵarǵan.

Bul jaǵdaylardan qáweterlengen áke-sheshesi táwiplerge, áwliyelerge qatnaǵan. Aqır sońında doktorlarǵa alıp barǵan. Salawattan analiz alıp tekserip kórgen doktor, onıń áke-sheshesine, balasında hesh qanday awırıwlardıń belgisi joqlıǵın, biraq negedur qattı qıynalıp júrgenin aytqan. Mine, usınnan keyin ata-ana ózleriniń qáteleskenligin sezgen. Bul balasınan alım shıqpaytuǵınlıǵın túsingen. Onıń ózi qálegen ápiwayıraq kásipti tańlawına imkaniyat jaratıp bergen. Usınnan keyin balanıń júzine qan juwırıp, ishteyleri ashılıp, awqattı waqtında toyıp-toyıp jey alatuǵın dárejege jetken. Aytıwlarına qaraǵanda, házirgi waqıtta Salawat bir mákemeniń mashının shań juqtırmastan, shın ıqlası menen aydap júrgen kórinedi.

Xalqımızdıń: «Juqqan aqıl bolmasa, súrtken aqıl bolmaydı» degeni siyaqlı Salawattıń ata-anası usı waqıyadan keyin túsinip jetken. Adamnıń ózinde kitap oqıwǵa degen ıqlas bolmasa, onı zorlawdıń paydası joqlıǵına óz isenimlerin payda etken.

Tashkenttegi finans hám ekonomika kolledjiniń ana tili hám ádebiyatı páni oqıtıwshısı óziniń 13-noyabr' 2010-jılı «Ma'rifat» gazetası arqalı járiyalaǵan «Kitob - muallim» atlı maqalasında, házirgi waqıtta «Heshkim kitap oqımay ketti» degen ókpe-giyneni kóp esitetuǵınımızdı esletip ótedi [4]. Sonıń menen bir qatarda, bul sharayatqa qáweterleniwdiń shárt emesligin, bar imkaniyatlardı iske salıp, jaslardı kitap oqıwǵa baǵdarlaw zárúrligin usınıs etedi.

Onıń kórsetiwi boyınsha mekteptiń oqıw programmasına kiritilgen ózbek klassik hám házirgi zaman ádebiyatı wákilleriniń ómiri hám dóretiwshiligi haqqındaǵı materiallardı úyretiw arqalı, jaslardıń kitap oqıwǵa bolǵan qızıǵıwshılıǵın artırıwımız múmkin eken. Ol óziniń is tájriybesine súyengen halda klasstan tıs islerdi shólkemlestiriw rejesin maqsetke muwapıq ámelge asırıwdı tómendegishe ámelge asırıw kerekligin kórsetip ótedi:

a) sabaqtan keyin jazıwshınıń úy muzeyine barıw;

b) jazıwshı súyip oqıǵan shıǵarmalar menen tanısıp shıǵıw;

v) jazıwshınıń shákirtleri hám onıń menen ushırasqan adamlar menen dóńgelek stol átirapında sáwbetlesiwler shólkemlestiriw.

Eger de oqıw baǵdarlamasına kiritilgen barlıq jazıwshı hám shayırlardıń dóretiwshiligi usınday formada úyrenilse, álbette jaqsı nátiyjelerge erisiledi. Ásirese, oqıwshılar sabaqtan bos waqıtların qızıqlı hám mazmunlı ótkerip ǵana qoymastan, keleshekte paydası tiyiwi múmkin bolǵan tájiriybe, dúnyaǵa keń kózqaras hám bilim zapasına iye boladı» deydi ol óz maqalasında.

Biziń pikirimizshe, oqıwshılardı kitap oqıwǵa úyretiw ushın barlıq jazıwshı hám shayırlardıń úylerine barıp shıǵıwlardıń hámme ushın imkaniyatı joqtay seziledi. Bunday jaǵdaylarda Ózbekstan Qaharmanı Abdulla Aripovtıń dóretiwshiligin úyreniw ushın Nókisli oqıwshılardıń Tashkentke, al Ózbekstan Qaharmanı Ibrayım Yusupovtıń dóretiwshiligin úyreniw ushın Tashkentli oqıwshılardıń Nókiske keliwine tuwra keledi. Tashkentten Nókiske, Nókisten Tashkentke barıp-kelip júriw ushın álbette, oqıwshılardıń waqtı ketedi, olardıń úyiniń ishleri materiallıq jaqtan qıynaladı, ózleride jol azabına giripdar boladı. Oqıw jobasına muwapıq mektepte ótiletuǵın basqa sabaqlar ótilmey qaladı. Barkámal áwlad tek ǵana ádebiyattan emes, al basqada oqıw jobasında kórsetilgen pánlerdende tereń bilim alıwı kerek.

Biz óz úyreniwlerimizdi juwmaqlastıra otırıp, oqıwshılardıń ózbetinshe kitap oqıw mádeniyatın qáliplestiriwdiń bir neshe usılların usınamız:

1. Shańaraq turmısında salamat ortalıqtı shólkemlestiriw – oqıwshılardıń ózbetinshe kitap oqıw mádeniyatın qáliplestiriwde ahmiyetke iye.

2. Ata-ana shaxsınıń ózi balalardıń ózbetinshe kitap oqıw mádeniyatın qáliplestiriwga xızmet etedi. Ata-analardıń ózleriniń xalıq awızeki úlgilerin biliwi, kórkem shıǵarmalar oqıwı balalarǵa jaqsı tásir etedi.

3. Xalqımızdıń úrp-ádetleri, qádriyatlarınan durıs paydalanıw hám onda balalardıń qatnasıwı kitap oqıw mádeniyatınıń qáliplesiwine tiykar boladı.

4. Xalıq awızeki dóretiwshiligi úlgilerinen paydalanıw da balalarda ahmiyetli kitap oqıw mádeniyatınıń qáliplesiwine xızmet qıladı.

5. Balalarǵa kitap oqıw mádeniyatınıń qáliplestiriwde ata-ana, mektep, jámáátshiliktiń birge islesiwin jolǵa qoyıw maqsetke muwapıq.

Juwmaqlap aytqanda, ayrım insanlardaǵı uyqlap jatırǵan, kitap oqıwǵa bolǵan háwesti oyatıw ushın qanday da bir túrtkiniń zárúrligi seziledi. Sonlıqtan da, biz oqıwshılardı kitap oqıwǵa qızıqtırıw ushın tek ǵana túrtki kerek demekshimiz.

## Ádebiyatlar


1. Arziev R. "Men kitaptı ne ushın oqıyman?" /«Qaraqalpaqstan jasları», 25-yanvar'. 2007, №4 (7397).
2. Jumanazarova D. "Xalq dostonlari vositasida o'quvchilar ma'naviyatini shakllantirish". // «Xalq ta'limi», 2012, №4., 93-95- b.
3. Inoyatova K. "O'quvchilarni ma'naviy-ahloqiy tarbiyalashda oila va kutubxona hamkorligi". / «Xalq ta'limi», 2012, №5, 69-70 b.
4. Raximova M. «Kitob – muallim». / «Ma'rifat», 13-noyabr' 2010, №4 (7397).
5. Utepbergenov E. Adamnıń ózinde inta, ıqlas bolmasa…, / «Qaraqalpaqstan jasları», 15-mart 2007, №11 (7404).
6. Fayazova M. O'quvchilarning o'quv tafakkur faoliyatini rivojlantirish omillari. // «Xalq ta'limi», 2012, №4., 104-106-b.



**REZYUME**

Bu maqolada o'quvchilarining mustaqil ravishda kitob o'qish madaniyatini shakllantirish usullari so'z qilingan.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассматриваются методы формирования культуры самостоятельного чтения учащихся.

**SUMMARY**

The article deals with methods of forming the culture of independent reading of students.